

Avètisman pou Lasante

Pa Sèvi ak Li

Pa Mete l Kote pou Timoun Jwenn Li



Sniper DDVP se yon pestisid ki danjere epi ki ilegal. Lè w an kontak ak li, sa kapab ba w pwoblèm sante grav, tankou kriz ak koma.

Evite respire l oswa vale l. Pa kite l touche ak po w ni antre nan je w.

Pa janm sèvi ak pwodui sa a lakay ou.

Si w gen pwodui Sniper DDVP, jete li san danje:

- Pinga ou vide l nan twou rego.
- Vlope boutèy la nan plastik pwès epi mete li nan yon dezyèm sachè ki kapab kachte.
- Ajoute tè, sab oswa tè pou chat nan dezyèm sachè a, si sa posib.
- Pote li nan yon NYC SAFE Disposal Event. Ale sou nyc.gov/safedisposal pou w jwenn plis enfòmasyon.

Rele Sant Kontwòl Pwazon NYC nan 212-764-7667 pou w jwenn plis enfòmasyon si w te sèvi ak pwodui sa yo. Rele **311** pou w di kote ou wè yo ap vann pwodui sa a.